




Klete pwodwi netwayaj



Piga janm rele medikaman sirèt



Kenbe plant yo byen wo epi kote moun paka rive touche



Mete linèt ou lè w ap pran medikaman

- Sant Antipwazon w lan ouvè 24 sou 24, 7 sou 7.
- Famasyen ak enfimyè ki otorize pou bay enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis epi konfidansyèl.
- Yo ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou resevwa bwochi, otokolan pou telefòn ak eman gratis.

Ou ka pwoteje kay ou kont pwazon



POISON
Heip
1-800-222-1222

212.POISONS
(212.764.7667)

212.689.9014
nimewo telefòn pou moun ki tande di

Vizite sit entènèt nou an nan nyc.gov/health

NYC
Health

BELLEVUE HHC
SOUTH MANHATTAN HEALTHCARE NETWORK

Sant Antipwazon Vil Nouyòk

Ki sa yon pwazon ye?

Pwazon se bagay ki fè nou malad si nou vale yo, ranvèse yo, patoje yo oswa respire yo. Ou ka pran yon seri mezi pou pwoteje kay ou kont pwazon.

Poukisa anpwazonman rive?

Anpwazonman souvan konn rive lè moun ap itilize kèk pwodwi. Asire w ou mete pwodwi danjre yo nan plas yo si yon sonèt, yon telefòn oswa yon timoun vin distrè w.

Ki kalite bagay ki ka pwazon nan kay mwen an?

- Pwodwi pou fè netwayaj
- Pwodwi pou debouche tiyo
- Pafen ak dlo dantifris
- Plant
- Pesticid ak pwazon rat
- Medikaman

Tyeke nan chak chanm pou wè si gen kèk bagay ki ka konsidere kòm pwazon. Kenbe pwazon lwen timoun yo.

Pran prekosyon avèk medikaman

- Itilize yon konngout pou medikaman. Piga itilize kiyè kizin pou bay timoun medikaman. Kiyè kizin vini nan plizyè gwosè.
- Piga janm rele medikaman sirèt. Timoun yo dwe konnen diferans lan.
- Kenbe yon lis tout medikaman w ap pran yo. Tankou tout medikaman ou achte avèk oswa san preskripsyon, vitamin ak remèd fèy.
- Mete linèt ou epi limen limyè lè w ap pran medikaman.
- Tyeke dat ekspirasyon an.

Ki jan mwen ka pwoteje kay mwen kont pwazon?

- Idantifye bagay ki andedan ak deyò kay ou ki se pwazon.
- Kenbe pwazon yo lwen timoun yo.
- Kenbe pwodwi yo nan boutèy orijinal yo. Asire ou boutèy yo gen etikèt sou yo.
- Piga janm sere pwodwi alimentè ansanm avèk lòt pwodwi.
- Itilize lòk pou kembe kabinèt yo fèmen.
- Enstale detektè monoksid kabòn nan zòn kote moun dòmi.
- Kenbe plant yo byen wo epi kote moun paka rive touche.
- Itilize kontenè timoun paka ouvri. Asire-w ke ou byen fèmen yo.
- Asire moun kap gade timoun ou yo ak manm fanmi yo konnen nimewo Sant Antipwazon an.
- Poste nimewo Sant Antipwazon an ki se (1.800.222.1222) sou tout telefòn yo.



**Sant Antipwazon
Vil Nouyòk**

**Rele 1.800.222.1222
oswa 212.POISONS
24 sou 24, 7 sou 7**